दिन–रविवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–26.07.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे भारत रक्षा निर्यात, राजनीतिक सहयोग आओर मित्र देशक मामिला मे सदिखन नव ऊँचाई के छू रहल अछि। आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रमक एक सय छत्तीसम कड़ी मे आइ अपन विचार साझा करैत प्रधानमंत्री जनौलनि जे भारत सभ क्षेत्र मे प्रगति कऽ रहल अछि। श्री मोदी करगिल विजय दिवस पर वीर सैनिक सभ के याद करैत जनौलनि जे आजुक दिन देशवासी सभ के अपन बहादुर सैनिक सभक असाधारण शौर्यक याद दिआबैत अछि आओर हरेक भारतीय के गर्व सँ भरि दैत अछि। ओ मातृभूमिक रक्षा मे अपन प्राणक आहुति देनिहार सैनिक सभ के श्रद्धांजलि अर्पित करैत देशवासी सँ जनौलनि जे ओ सभ एकटा सुरक्षित, सक्षम आ आत्म–निर्भर भारतक निर्माणक संकल्प लैथि।

---

प्रधानमंत्री प्लास्टिक प्रदूषण पर चिंता जतौलनि। ओ जनौलनि जे एकल उपयोग बला प्लास्टिकक कचरा प्रकृति के नोकसान कऽ रहल अछि। ओ प्लास्टिकक उचित निस्तारण पर जोर देलनि। श्री मोदी बिहारक सीतामढ़ी मे कचरा सँ कंचनक एकटा उदाहरण देलनि जतय कचरा के दोबारा उपयोग कऽ कऽ सुंदर बेंच बनाओल जा रहल अछि।

---

प्रधानमंत्री श्री मोदी जनौलनि जे **कैच द रेन** विशेष अभियान चारि जुलाई सँ पूरा देश मे चलाओल जा रहल अछि। एहि मे बरखाक जल संचयन, भू–जल पुनर्भरण आ पोखरि आओर कलम–गाछी सभक जीर्णोद्धार के नव गति भेटि रहल अछि। श्री मोदी ई अभियान मे गाम आ शहर सँ लऽकऽ पंचायत आ सामाजिक संगठन सभक जबरदस्त भागीदारी पर खुशी जतौलनि। ओ जनौलनि जे पुरान पोखरि सभ सँ गाद हटाओल जा रहल अछि आ कुआँ आओर इनार सभक जीर्णोद्धार कयल जा रहल अछि। आब भू–जल पुनर्भरण लेल बोरवेल सँ काज नहि कयल जा रहल अछि।

---

प्रधानमंत्री सात अगस्त कऽ देशभरि मे मनाओल जाए बला ''राष्ट्रीय हथकरघा दिवसक''  चर्चा करैत जनौलनि जे ई दिन देशक बुनकर सभक कौशल आ रचनात्मकताक सम्मानक प्रतीक अछि। श्री मोदी जनौलनि जे देश मे जाहि तरहें हथकरघा उद्योग के बढ़ावा देल जा रहल अछि, ओहि सँ पैघ़ संख्या मे लोकक जीवन मे सुधार भऽ रहल अछि। पोचमपल्ली सँ पटना धरि आ कुथमपल्ली सँ कच्छ धरि एकर कतेको उदाहरण अछि। प्रधानमंत्री खादीक चर्चा करैत जनौलनि जे पछिला बारह बरख मे खादीक बिक्री छओ गुना बढ़ल अछि। आब ई बिक्री आठ हजार करोड़ टाका धरि पहुँच गेल अछि। श्री मोदी लोक सभ सँ आबै बला पाबनि–तिहारक मे खादी, हथकरघा या हस्तशिल्प सँ बनल कम सँ कम एक उत्पाद किनबाक लेल जनौलनि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री जनौलनि जे पंद्रह अगस्त कऽ स्वतंत्रता दिवस ओ सभ कतेको नायक सभ के याद करबाक दिन होइत अछि जे सभ स्वतंत्रता लेल अपन सर्वस्व न्योछावर कऽ देलनि। ओ जनौलनि जे पछिला किछु बरख मे हर घर तिरंगा अभियान पूरा देश के एकजुट कयलक अछि आओर एहि बरख सेहो एहि के पूरा उत्साह सँ आगू बढ़ाबऽ पड़त। ओ सभ सँ एक बेर फेर पंद्रह अगस्त सँ पहिने मॉय गॉव (MyGov) पोर्टल पर अपन विचार आ सुझाव साझा करबाक आग्रह कयलनि।

———————————————————————

केंद्रीय मंत्री प्रल्हाद जोशी आइ शिक्षा मंत्रीक पदभार ग्रहण कऽ लेलनि। श्री धर्मेंद्र प्रधानक इस्तीफाक बाद काल्हिये श्री जोषीक नियुक्ति ई पद पर भेल छल। ओ उपभोक्ता मामिला, खाद्य आ सार्वजनिक वितरण, नवीन आ नवीकरणीय ऊर्जा मंत्रालय सभक प्रभार सम्हारैत छथि। पदभार ग्रहण कयलाक बाद ओ कतेको योजना सभ आओर कतेको पैघ–पैघ काज लेल शिक्षा मंत्रालयक समीक्षा बैसकक अध्यक्षता कयलनि। शिक्षा राज्य मंत्री जयंत चौधरी आ मंत्रालयक कतेको वरिष्ठ अधिकारी सभ एहि बैसक मे छलाह।

———————————————————————

सीतामढ़ी के पूर्व सांसद आ राजदक वरिष्ठ नेता अर्जुन राय आइ पार्टी सँ इस्तीफा दऽ देलनि। श्री राय अपन इस्तीफाक घोषणा करैत जनौलनि जे ओ काल्हि भारतीय जनता पार्टी मे शामिल भऽ रहल छथि। श्री राय वर्ष दू हजार मे औराई सँ राजद प्रत्याशीक रूप मे अपन राजनीतिक पारी शुरु केने रहथि। बाद मे ओ जदयू मे आबि गेलाह। दू हजार उनैस मे हुनक राजद मे फेर सँ वापसी भेल छल।

———————————————————————————

बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव के लऽकऽ कतेको दलक प्रत्याशी सभक चुनाव प्रचार जोर–शोर सँ चलि रहल अछि। भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन, पार्टी सांसद मनोज तिवारी, भोजपुरी अभिनेता आ विधान पार्षद पवन सिंह आइ विधानसभाक कतेको क्षेत्र मे पार्टी प्रत्याशी नीरज कुमार सिन्हाक समर्थन मे प्रचार–प्रसार कयलनि। एम्हर, एनडीएक दिस सँ प्रेस कॉन्फ्रेंस कऽ उपचुनाव मे जीतक दावा कयल गेल अछि। भाजपा सांसद रविशंकर प्रसाद जनौलनि जे एनडीए उम्मीदवार पैघ अंतर सँ जीतत। ओतहि, जदयूक मुख्य प्रवक्ता नीरज कुमार जनौलनि जे विपक्षी दल राजद चुनाव मैदान मे कतहु नहि देखल जा रहल अछि। ओ नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव पर अपन पार्टीक महिला उम्मीदवारक संग छोड़बाक आरोप लगाओलनि अछि।

———————————————————————————

प्रदेशक कतेको भाग मे दक्षिण–पश्चिम मानसूनक सक्रियता मे कमि आयल अछि। एहि सँ पछिला चौबीस घंटाक बिच कतेको भाग मे बहुत कम बरखा भेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार जहानाबाद मे सभ सँ बेसी चारि दशमलव पांच मिलीमीटर बरखा भेल अछि। ओतहि, राज्यक आनो–आन भाग मे मौसम शुष्क रहल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे काल्हि के बाद एक बेर फेर सँ मानसून सक्रिय भऽ सकैत अछि।

———————————————————————————

समाप्त